

Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON KI DEKRIMINALIZE UTILIZASYON MARIJÀN

Li redui posesyon ilegal marijàn a yon vyolasyon ki gen kòm pinisyon yon amann

Li kreye yon pwosesis pou siprime kazye jidisyè moun ki te kondane poutèt sèten enfraksyon ki gen pou wè avèk marijàn

Gouvènè Cuomo: "Kominote koulè yo ap sibi yon fason demezire konsekans lwa yo ki kontwole marijàn depi twò lontan epi n ap fini avèk enjistis sa a yon fwa pou tout".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jounen jodi a lejislasyon (S.6579A/A.8420) k ap kontinye dekriminalize itilizasyon marijàn nan Eta New York. Lwa yo ki genyen nan New York kounye a sou marijàn gen konsekans demezire sou kominote afwo-ameriken ak latino yo, epi lejislasyon sa a pral okipe inegalite rasyal sa yo nan redui penalite a pou posesyon ilegal marijàn a yon vyolasyon ki gen kòm pinisyon yon amann, epi nan kreye yon pwosesis pou siprime kazye jidisyè moun yo te kondane poutèt yo te gen nan men yo ti kantite marijàn. Gouvènè a te pwopoze pou premye fwa pou yo kontinye dekriminalize marijàn an 2013, epi ankò nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an. Pwojè lwa a ap antre an vigè 30 jou apre li vin lwa.

"Kominote koulè yo ap sibi yon fason demezire konsekans lwa yo ki kontwole marijàn depi twò lontan epi n ap fini avèk enjistis sa a yon fwa pou tout", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan ofri moun ki soufri konsekans yon kondanasyon enjis poutèt marijàn yon chimen pou yo siprime kazye jidisyè yo epi nan redui penalite estrik, n ap fè yon pa devan esansyèl nan okipe yon pwosesis jistis penal ki p ap mache epi ki diskriminatwa."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Dekriminalizasyon marijàn se yon pati esansyèl nan refòm sistèm jidisyè ki p ap mache a nan eta nou an. Depi twò lontan, kominote koulè yo se sib ki sibi konsekans negatif yo yon fason demezire. Nan Majorite Demokrat Sena a nou pral kontinye efò nou yo pou legalizasyon total ak règlemantasyon marijàn, epi dekriminalizasyon ki fèt jodi a se yon bon premye pa".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Lwa sa a se yon pa enpòtan nan redrese plizyè dizèn lane enjistis poutèt lwa sou dwòg eta a genyen kounye a. Dekriminalize marijàn epi siprime kazye jidisyè moun ki fè enfraksyon nivo ba yo ap fè anpil nan ede kominote nou yo, epi sitou moun koulè yo, ki devaste poutèt yo. Lè nou retire obstak ak dezonè yo ki akonpaye kazye jidisyè sa yo, nou ouvè chimen an pou anpil Nouyòkè jwenn djòb, lojman epi viv lavi ki reyisi ak pwodiktif".

Lejislasyon sa a ap fè mezi kont marijàn yo vin pi jis ak pi ekitab poutèt l ap:

- Redui penalite a pou posesyon ilegal marijàn a yon vyolasyon ki gen kòm pinisyon yon amann epi retire penalite kriminel pou posesyon nenpòt ki kantite marijàn ki pi piti pase de ons; epi
- Kreye yon pwosesis pou siprime kazye jidisyè moun ki te resevwa sèten kondanasyon poutèt marijàn ni apre ni pou kondanasyon nan lavni.

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, "Posesyon marijàn bay kriminel kondane sa yo yon kazye jidisyè k ap suiv yo pandan tout vi yo, avèk posibilite limite yo nan jwenn edikasyon, touche kapasite yo jwenn travay sa ki gen posibilite fè yo pa kapab okipe fanmi yo. Kreyasyon yon mekanis pou sipresyon, ni apre ni alavans, se yon pa nan bon direksyon an nan finalman rete lagè gwo ponyèt la sou dwòg ki ravaje kominote koulè yo. Mwen vle remèsye marenn Asanble a ak Lidè Majorite Asanble a Crystal Peoples-Stokes, Gouvènè Andrew Cuomo, Lidè Majorite a Andrea Stewart Cousins, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie pou angajman yo nan kesyon sa a epi dèske yo garanti pwojè lwa sa a ratifye".

Lidè Majorite Asanble a, Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, "Sa fè twò lontan kominote koulè yo se sib politik jistis penal diskriminatwa epi y ap soufri konsekans grav poutèt posesyon ti kantite marijàn, alòske gen lòt moun yo pa t janm arete ni akize. Lè nou dekriminalize itilizasyon marijàn nan New York yon fwa pou tout, nou fini avèk sik represyon sa a ki sible enjisteman sèten kominote. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li ratifye pwojè lwa sa a epi dèske li fè pa devan esansyèl sa a onon egalite".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)